

Kisa yo rele yon Konseye Pou Omisid?

Konseye pou Omisid travay avèk fanmi viktim omisid yo [Moun nan Fanmi ki pi Pre a, nan lang angle « Next of Kin » (NOK)] pou bay sipò, asistans, ak konsolasyon pandan tan difisil y ap pase a.

Men kèk sèvis yo fè::

- Enfòmasyon sou sityasyon dosye yo
- Enfòmasyon sou dat lè w ap dwe vini nan tribinal la
- Eskòte pou ale nan tribinal
- Òganize reyinyon NOK avèk Asistan Komisè Gouvènman an [Assistant State Attorney (ASA)] epi ale nan reyinyon yo tou
- Oryantasyon ak asistans nan kad Pwogram Konpansasyon pou moun ki viktim krim
- Oryantasyon pou fè w kontre ak pwogram konsèy kominotè pwofesyonèl ak gwoup sipò
- Asistans pou prepare deklarasyon osijè enpak antan viktim la

KONSEYE POU OMISID:

305-547-0292

305-547-0188

305-547-0195

305-547-0893

Kisa Pwogram Konpansasyon Viktim Krim la ye?

Nan sèten ka, fanmi moun ki mouri yo kapab kalifye pou konpansasyon finansye soti nan men Eta Florid. Fanmi Biwo Komisè Gouvènman a deside ki elijib yo kapab resevwa asistans ak frè medikal/dantè, frè antèman, pèt salè, kòb pou demenaje pou viktim vyolans nan kay yo ak konsèy sante mantal.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele Konseye pou Omisid pou kapab jwenn yon fòm apliasyon oswa ou kapab kontakte Biwo Konpansasyon Viktim yo nan 1 (800) 226-6667 / (850) 414-3300 / www.myfloridalegal.com



**Katherine
Fernandez Rundle**

AVOKA MIAMI

www.miamisao.com

Lajistis Kómanse Isi a

Nimewo Enpòtan pou w Sonje

HOMICIDE COUNSELOR NUMBERS

(305) 547-0292

(305) 547-0188

(305) 547-0195

(305) 547-0893

DEKLARASYON VIKTIM SOU KONSEKANS ZAK
Dapre Lwa 921.143 Eta Florid, lè y ap bay santans lan ou gen dwa remèt yon deklarasyon, vèbal oswa ekri, sou konsekans zak la, sou sa ki rive nan ka a ak sou ki kalite pwoblèm krim lan lakòz, tankou pwoblèm sosyal, sikolojik, fizik, ak sou lajan ki pèdi (tankou lajan travay). Konseye pou Omisid yo ap la pou ede w pare deklarasyon viktim sou konsekans zak la, si sa ta nesèsè.



BIWO AVOKA ETA A NAN MIAMI-DADE

1350 N.W. 12th Avenue
Miami, Florida 33136-2102
(305) 547-0100

www.miamisao.com

201_01-86 1/08

Konseye pou Omisid

Kisa Yo Rele Yon Omisid?

Yon omisid se nenpòt kilè yon moun touye yon lòt moun, pèsònèlman, lè yon moun fè zak la pou li, lè li fè zak la pou yon lòt moun, oswa lè l pa fè sa l te dwe fè pou anpeche sa rive. Yon omisid ilegal, oswa yon omisid ki se rezilta yon aksyon ilegal, kapab rele asasinay oswa touye moun

I Kalite Omisid Ki Genyen?

- **Asasinay Premye Degre** (F.S. 782.04)
kalkile davans, epi li touye yon lòt moun ilegalman. Santans pou sa, se lanmò oswa prizon avi.
- **Asasinay Dezyèm Degre** (F.S. 782.04)
Lè yon moun fè move lide san rete sou sa oswa san kalkile davans, epi li touye yon lòt moun ilegalman. Santans pou sa, se prizon avi.
- **Touye Moun** (F.S. 782.07)
Lè yon moun touye yon lòt moun, pèsònèlman, lè li fè zak la pou yon lòt moun, oswa lè l pa fè sa l te dwe fè pou anpeche sa rive, san pa gen rezon legal pou sa, epi nan ka kote aksyon touye moun sa a pa yon omisid ki kapab eskize oswa yon asasinay. Santans pou sa kapab rive 15 an prizon.
- **Omisid Dèyè Volan** (F.S. 782.071)
Lè yon moun touye yon lòt moun pandan l ap kondwi yon machinn san prekosyon, epi se sa ki lakòz lanmò a. Santans pou sa se 5 an prizon..
- **Omisid ki Jistifye** (F.S. 782.02)
Lè yo touye yon moun dapre sa lalwa mande, dapre sa lajistis piblik di ki pou fèt, nan ka lejitim defans, pou defann kay moun, oswa pwopriyete yo, oswa tèt yo

Pwosedi Jistis Penal

Ka kriminel yo suiv anjeneral sekans ki annapre a; sepandan, pa gen okenn 2 ka ki sanble e pafwa konn gen bagay ki pa rive menm jan.

- Omisid la Fèt
- Ankèt Lapolis
- Arete
- Odision pou Libète sou Kosyon / Odision « Arthur »
- Akizasyon
- Odyans, rapò, mosyon ak deklarasyon sou sèman
- Jijman
- Desizyon sou Santans

Konseye pou omisid

Ki sa chagren ye?

Chagren se yon reyaksyon nòmal ak natirèl lè moun pèdi yon moun yo renmen. Pifò nan nou pa pare pou tan sa pran lè chagren ap pase sou nou, sa ki kapab kraze kouray nou, ban nou kè sote epi fè n santi nou poukont nou. Nou kapab gen lide ki pase nan tèt nou, aji yon jan, epi di bagay ki pa sanble nou ditou. Sa nou santi a sanble li p ap janm fini. Pi ba la a ou pral wè diferan etap ki genyen nan chagren; sa pral ede w konprann sa w ap santi a

Premye Etap: Lè w sezi epi ou refize kwè sa k pase a Nan pwèn sa a, pifò moun konn eseye pa fè desizyon oswa pa pran aksyon

Dezyèm Etap: Lè w vin fache. Nan pwèn sa a, li difisil pou fè desizyon paske tout enèji yon moun genyen ale nan emosyon pase pou ale nan rezoud pwoblèm.

Twazyèm Etap: Lè w deprime epi anyen pa enterese w. BKòm li difisil pou fè desizyon nan etap sa a, gade pou w wè si w ta mande yon moun nan fanmi an, yon zanmi, oswa yon pwofesyonèl pou ede w, si w ta gen pou w fè desizyon enpòtan.

Katriyèm Etap: : Lè w ap pale ak negosye. Moun kapab plis vle gade lòt altènativ lè yo fin di sa ki nan kè yo

Senkyèm Etap: Lè w ap pale ak negosye. Sa vin pi fasil pou moun fè desizyon, paske yo vin jwenn lòt objektif ak lòt sans pandan y ap koumanse aksepte malè yo.

Kubler-Ross, E. On Death and Dying. New York: Macmillan, 1969

Nimewo Enpòtan:

MIAMI-DADE COUNTY BAR ASSOCIATION
(305) 377-4445 / 1 (866) 596-0399 (*Telefòn pou jwenn konsèy avoka gratis*)
Lè yo: Premye mèkredi chak mwa, 6 è diswa rive 9 è diswa

LEGAL AID SOCIETY (POU KA FANMI)
123 NW 1st Avenue, Miami | (305) 579-5733

LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI
(*Pou plizyè kalite ka*)
3000 Biscayne Blvd., 5th floor, Miami | (305) 576-0080
10720 Caribbean Blvd., Suite 400, Cutler Ridge | (305) 232-9680

CLERK OF COURTS (*Grefye Tribinal La*)
(305) 275-1155
www.miami-dadeclerk.com/cjis/search1.asp
Sit Entènèt la bay enfòmasyon sou ka ak sou kalandriye odision, dat jijman, elatriye

FLORIDA DEPARTMENT OF CORRECTIONS
www.dc.state.fl.us/InmateInfo/InmateInfoMenu.asp
Sit entènèt la bay dènye enfòmasyon sou sitiasyon moun ki nan prizon yo, sou kote yo ye, sou moun yo lage, epi sou moun ki chape soti nan prizon

OFFICE OF THE ATTORNEY GENERAL
VICTIMS' CRIME COMPENSATION
1 (800) 226-6667 / (850)-414-3300
myfloridalegal.com
or write to:
Office of the Attorney General
PL-01, The Capitol
Tallahassee, Florida 32399-1050

ARCHDIOCESE OF MIAMI
FAMILY LIFE MINISTRY DEPARTMENT
BETANIA (*Nan Lang Panyòl*)
(305) 762-1143

COMPASSIONATE FRIENDS
MIAMI CHAPTER (*Chapit Miami An*)
(305) 460-5762
www.compassionatefriends.org

MADD (Mother's Against Drunk Driving)
(*Manman ki Kont Moun Sou Dèyè Volan*)
1 (800) GET-MADD / 1(877) MADD HELP (hotline)
www.madd.org
Miami-Dade County Chapter
7700 N. Kendall Drive, Ste. 803
Miami, Florida 33156
(305) 273-3744

PARENTS OF MURDERED CHILDREN
(*Paran Timoun Yo Asasinen*)
Miami | (786) 942-9926
Broward | (954) 967-4411
www.pomc.org

SWITCHBOARD OF MIAMI
(*Operatè Miami An*)
(305) 358-4357
www.switchboardmiami.org

VICTIM SERVICES CENTER
(*Sant Sèvis Pou Viktim*)
(305) 374-9990
www.vscmiami.org

Ki dwa m genyen nan kontak mwen avèk laprès?

OU GEN DWA DI « NON », OU PA VLE BAY ENTÈVYOU. Lè w nan yon sitiasyon ki enterese piblik la, san se pa sa w ta vle, pa janm kwè ou oblije bay tout moun nan piblik la okenn espikasyon pèsònèl epi/oswa di yo sa w santi. Si w deside ou vle piblik la konnen jan sitiasyon ki fè w vin yon viktim lan di anpil pou ou epi jan li enjis, sa pa vle di ou pèdi otomatikman dwa w genyen pou pwoteje entimite w. Lè w konnen dwa w epi ou mande pou moun respekte yo, w ap kapab di sa w vle san yo pa fè w abi.

Dapre Lwa Etazini pou Moun Andikape [American Disabilities Act], moun ki bezwen fè aranjman rezonab pou yo kapab asiste nenpòt ki pwosedi kriminel dwe kontakte Konseye pou Viktim/Temwen yo, oswa Sekretè a, epi moun ki pa tande byen kapab rele 1-800-955-8771 (nimewo pou moun ki pa tande byen), nan Florida Relay Service.

Pwoje sa a resewa sipò dapre Sibvansyonnimewo V7212, ki soti nan Biwo pou Viktim Krim, Biwo Pwogram Lajistis, epi Biwo Komisè Gouvènman Eta a, 11yèm Sikwi Jidisyè ak Eta Florid ki sponsorize l.